



Pou Piblikasyon Imedya: 18/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN NEVYÈM KONPETISYON POU JÈN ANTREPRIZ 43NORTH LA

*Akseleratè ki baze nan Buffalo a lanse rechèch pou senk konpayi pou resevwa  
envestisman 1 milyon dola*

***Aplikasyon yo kapab soumèt isit la***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse y ap aksepte demann patisipasyon kounye a pou nevyèm ane 43North, akseleratè ke eta a finanse ki envesti 5 milyon dola chak ane pou atire antreprenè klas mondal pou yo devlope jèn konpayi yo nan Buffalo. Ane sa a, 43North pral chwazi senk biznis ki nan faz kòmansman pou resevwa yon envestisman 1 milyon dola yo chak ak pou rejwenn pwogram akseleratè imèsif yo a.

"Buffalo te vin tounen yon episant teknoloji ak inovasyon grasa pwogram tankou konpetisyon jèn antrepriz 43North ak envestisman New York fè pou ankouraje kwasans ekonomik ak kreyasyon djòb", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Depi lansman li, 43North te ede revitalize kominate sa a epi ankouraje pwochen jenerasyon antreprenè ak kreyatè yo pou konstwi ak patisipe nan kwasans Buffalo. Mwen bat bravo pou travay 43North kontinye ap fè epi voye mesaj nou byen fò ak klè bay antreprenè yo atravè mond lan - Eta New York se kay pou djòb lavni yo".

**Majistra Buffalo, Byron Brown, te deklare**, "Siksè ekonomik transfòmatè ke 43North ofri a leve kominate nou yo ak kreyasyon travay inovatè, biznis dènye kri, ak atire talan divèsifye ak wo nivo nan rejyon nou an. Mwen espere sipòte kandida yo ane sa a epi mwen remèsyé 43North paske li te alimante yon repriz ekonomik nan Lwès New York".

Nan jedi 12 oktòb 2023, 43North pral òganize yon konpetisyon sou prezante lide biznis (pitch) an dirèk nan Shea's Performing Arts Center nan Buffalo, kote yon panèl jij pral konsidere prezantasyon pou jiska dis finalis, apresa ap chwazi ak anonse senk konpayi ki genyen yo sou sèn lan. Jèn konpayi ki chwazi pou rantre nan gwoup 2024 43North pral resevwa yon envestisman 1 milyon dola yo chak, ansanm ak espas biwo, konsèy, ak sipò nan men 43North. Yo pral gen aksè tou ak rezo 43North ki gen plis pase 1,000 envestisè Nò Ameriken. Konpayi yo pral gen opòtinite tou pou yo enskri nan pwogram START-UP NY la, ak pwogram konsèy ak sipò 43North la, ki gen ladann:

- Akonpayman youn a youn ak atelye
- Aksè ak sèvis sipò pou rekritman pou ede yo devlope ekip yo nan Buffalo
- Koneksyon lokal ak nasyonal pou devlopman biznis
- Sipò pou maketing ak relasyon avèk medya
- Entwodiksyon envestisè

Konpayi yo chwazi yo dakò pou bay 43North 5 pousan ekite ak pou yo lokalize Direktè Egzekitif Jeneral yo ak yon minimòm mwatye nan anplwaye yo nan Buffalo pou omwen yon ane. Gade tout tèm ak kondisyon yo [isit la](#).

**Prezidan 43North, Colleen E. Heidinger, te deklare**, "Nou kontan anpil pou nou lanse nevyèm ane konpetisyon 43North la. Pandan prèske yon deseni, misyon nou se te pou favorize yon ekosistèm dinamik nan Buffalo kote antreprenè yo ka pwospere. Nou pa ka tann pou nou pwofite elan pozitif ki etabli a epi kontinye kreye opòtinite pou antreprenè isit la nan vil rèn nou an".

Fonde an 2014, 43North se yon inisyativ esklizif ki demontre angajman Eta New York ak estrateji envestisman I pou devlope ekosistèm inovasyon ak antreprenarya Buffalo a. Pandan nèf ane ki pase yo, 43North te investi nan yon pòtfèy divèsifye ki gen plis pase 64 konpayi, kote 46% nan yo gen fondatè moun koulè epi 26% genyen fondatè fanm. Jèn konpayi sa yo te ranmase plis pase 1 milya dola nan kapital. Apeprè swasant pousan nan konpayi sa yo te kenbe yon prezans fizik nan Vil Queen, k ap kreye plis pase 1.000 djòb lokal. Pòtfèy 43North la gen ladan inikòn teknoloji ACV Auctions, ki te mete 43North nan lòt nivo antanke premye konpayi pòtfèy ki nan bous, apre yon òf piblik inisyal (IPO) nan dat 24 mas 2021.

Kandida yo gen jiska vandredi 23 jen a minwi pou soumet aplikasyon yo atravè [43North.org](#). Pwosesis jijman an pral rete menm jan ak ane ki sot pase yo avèk rit sa a:

- Yon premye faz revizyon aplikasyon yo alekri
- Yon faz semifinal pou prezantasyon sou vidéyo an dirèk
- Yo pral anonse gayan yo pandan yon evènman an dirèk sou prezantasyon yo an pèsòn nan Shea's Performing Arts Center nan jedi 12 oktòb 2023.

Mèkredi 31 me , 43North ap mete tèt ansam ak ansyen elèv ak fondatè pwogram yo pou òganize webinè "43North Why to Apply" la kote antreprenè yo ka aprann plis sou konpetisyon an ak pwogram akseleratè a. Ou ka jwenn plis detay sou webinè a, pwogram lan ak aplikasyon pou konpetisyon pou jèn konpayi 43North 2023 a [isit la](#).

### **Enfòmasyon sou 43North**

43North se yon pwogram akseleratè ki enwesti 5 milyon dola chak ane pou atire ak kenbe konpayi ki gen gwo kwasans nan Buffalo, NY. Pòtfèy konpayi 43North yo resevwa tou espas enkibatè gratis nan Buffalo pou yon ane, oryantasyon nan men konseye ki nan domèn ki lye yo, ak aksè nan lòt pwogram prim ankourajman tankou

START-UP NY la. 43North fonksyone gras ak sipò Eta New York, Empire State Development, Ralph C. Wilson, Jr. Foundation, ak plizyè lòt esponnsò. Gen plis enfòmasyon sou 43North ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)